

EGZAMEN OTIS-LENNON POU DETÈMINE APTITID ELÈV LEKÒL MODÈL POU ELÈV PRATIKE JAN POU YO PRAN EGZAMEN AN

Chè Paran oswa Gadyen legal,

Nou mete avèk lèt sa a Egzamen Otis-Lennon pou detèmine aptitud elèv lekòl *Otis-Lennon School Ability Test (OLSAT)* : Setyèm edisyon, modèl pou elèv pratike jan pou yo pran egzamen an. Ou ka itilize modèl egzamen sa a pou familiarize pitit ou a avèk tip kesyon yo pral poze l nan egzamen an menm. Modèl egzamen OLSAT la byen pwoteje. Se responsablite pou w pwoteje sekirite modèl egzamen an, e pou sa ou dwe mete w dakò ak nou pou bagay sila yo :

- Pa montre lòt moun oswa pa diskite avèk lòt moun, anjeneral oswa anpatikilye, kesyon nou mande nan modèl egzamen an;
- Pa fè fotokopi okenn pati nan modèl egzamen oswa nan machaswiv pou pran egzamen an;
- Sèl timoun sa yo ki gen paran oswa gadyen legal ki ranpli yon aplikasyon pou yo evalye yo pou admisyon nan yon Pwogram pou timoun douwe *Gifted and Talented (G&T)* Depatman Edikasyon vil Nouyòk *NYC Department of Education (NYCDOE)* ka itilize modèl egzamen sa a.

Pou paran timoun ki nan klas Prematènèl *Pre-K* : Tanpri sonje ke nou pa p atann nou aske elèv yo *bubble* kesyon yo nan liv egzamen an; sepandan, yo dwe ka endike prezizeman avèk yon kreyon repons yo chwazi pou chak kesyon.

OLSAT

Egzamen Otis-Lennon pou detèmine aptitud elèv lekòl
Setyèm edisyon

Arthur S. Otis • Roger T. Lennon

**Esplikasyon pou bay elèv la sou jan pou I fè
modèl egzamen an
Nivo B**



0158610318



Copyright © 2006 Harcourt Assessment, Inc.

Se *Harcourt Brace and Company* ki gen *Copyright* © edisyon estanda 1995 lan.

Tout dwa rezève. Moun pa gen dwa repwodui oswa transmèt okenn pati piblikasyon sa a nenpòt ki jan oswa pa okenn fòm kit elektwonik oswa mekanik, pa egzanp fotokopi, anrejistreman, oswa okenn fason pou konsève enfòmasyon , oswa sistèm pou pran kèk enfòmasyon ladan atit rechèch pou w itilize pou lizaj pèsonèl san pèmisyon ekri mezon edisyon an. *HARCOURT* ak *Logo Harcourt Logo* se mak komèsyal ki se pwopriyete Harcourt, Inc., ki enskri sou rejis Ozetazini e nan lòt jiridiksyon Etazini. Egzamen Otis-Lennon pou detèmine aptitud elèv lekòl *Otis-Lennon School Ability Test (OISAT)* se yon mak komèsyal ki enskri sou rejis Ozetazini e nan lòt jiridiksyon Etazini. Nou te pibliye anvan sa pati nan travay rechèch sa a. Dokiman sa a enprime Ozetazini.

Esplikasyon pou bay Modèl egzamen aptitud la

Rezon ki fè n ap bay pitit ou a Egzamen pratik sa a se pou prepare l pou li pran Egzamen Otis-Lennon pou detèmine aptitud elèv lekòl *Otis-Lennon School Ability Test* (OLSAT), konsa pou li ka vin abitye l avèk kalite kesyon k ap parèt nan egzamen an. L ap aprann rekonèt jan pou l lokalize ranje sou fèy egzamen an, swiv yon ranje sou tout paj la depi agòch jiska adwat, make repons yo kòrèkteman, epi chanje repons yo lè sa nesesè.

Egzamen pratik yo ap ede elèv yo konprann sa y ap atann de yo lè yo pran egzamen reyèl la, kidonk pou diminye enkyetid yo lè y ap paran egzamen an.

Nou pa bay nòt pou egzamen pratik la. Kidonk, ou dwe bay pitit ou a tout èd ki nesesè pou l reponn kesyon yo avèk siksè. Pou w itilize pi byen egzamen an, ou dwe bay egzamen pratik la apeprè yon semenn anvan timoun lan pran egzamen regilye a. Pou ede w, w ap jwenn repons kòrèk pou kesyon yo enprime nan paj 13.

Esplikasyon espesifik pou bay pitit ou a pou l pran egzamen an

Tout esplikasyon pou w li pou pitit ou a enprime an **lèt pi fonse**. Esplikasyon pou paran yo (ou pa dwe li awotvwa) enprime an lèt regilye. Si w fè yon fot lè w ap li yon kesyon pandan egzamen an, estope yon moman epi di konsa : “Non, sa a pa bon. Koute ankò.” Answit, li kesyon an oswa esplikasyon an kòrèkteman.

Di konsa :

Jodi a nou pral fè kèk aktivite enteresan ki tankou pwoblèm.

Mwen pral ba w yon tiliv. Kite tiliv mwen ba w la fèmen jouk lè mwen di w kisa pou w fè.

Esplikasyon ki enprime an lèt fonse fasilite jan pou w di kesyon yo pou pitit ou a

Distribiye tiliv Egzamen pratik la, yon jan pou premye paj kouvèti a anlè. Asire w ou bay pitit ou a yon tiliv, yon kreyon, ak yon gòm.

Di konsa :

Louvri tiliv mwen ba w la nan paj 3. Kounye a gade premye ranje a, kote ou wè yon ti pwason nan kòmansman ranje a. Mete dwèt ou sou pwason an.

Asire w pitit ou a louvri liv la kòrèkteman, e ke l ap li nan paj 3 a.

Di konsa :

1 Lè pòtre yo kòmanse sou yon bò paj la pou l fini sou lòt bò a konsa, nou di yo an ran.

Fè mouvman pou w montre l sa w ap di a. Pou fè sa, deplase dwèt ou anpatan bò gòch paj la jiska bò dwat la.

Di konsa :

Nan ranje sa a, ou wè yon men k ap ekri chif sou yon tablo, k ap fè desen yon pòtre, ki kenbe yon chifon (gòm), k ap ekri yon mo sou yon tablo, e k ap ekri yon lèt. Youn nan pòtre sa yo montre yon bagay ki pa tankou lòt pòtre yo paske li pa menm ak lòt pòtre yo. Ann chèche jwenn ansanm ki pòtre yo pa dwe mete ak lòt pòtre yo. Tout pòtre ki nan ranje sa a montre yon men k ap fè yon bagay. Èske w kapab di mwen kisa ki fè youn nan pòtre yo pa menm avèk lòt yo?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, egzakteman. Men ki kenbe chifon an (gòm) lan se pòtre ki diferan an, pa vre? Tout lòt pòtre yo montre yon men k ap ekri oswa k ap desinen yon bagay. Men ki kenbe chifon an (gòm lan) pa menm ak lòt pòtre ki nan ranje sa a.

Kounye a, m ap montre w kouman pou w make repons ou. Èske w wè ti wonn anba pòtre yo?

Nou rele yo ti wonn pou ekri repons. Etandone chifon an (gòm lan) diferan de lòt pòtre ki nan ranje sa a, w ap nwasi ak plim ou espas ki anba twazyèm pòtre a. Se konsa ou make repons ou.

Montre pitit ou a jan pou l make repons li nan espas la. Pou l fè sa, l ap fè yon ti wonn pou l reponn kesyon an, epi l ap nwasi li ak plim li. Pitit ou a pa bezwen plen nèt ak lank ti wonn ki rezève pou repons lan, epi li pa bezwen nwasi ak plim li tout espas ki nan wonn lan. Montre pitit ou jan pou l efase yon repons li vle chanje. Lè w fin kòmanse bay egzamen an, asire w pitit ou a ap swiv esplikasyon yo kòrèkteman.

Jenn timoun yo ap benefisye lè w montre yo jan pou yo make repons yo nan espas yo mete pou sa a.

Di konsa :

***2 Kounye a, mete dwèt ou sou ranje ki gen poupe a. Asire w ou ka wè espas pou pitit ou a mete repons lan. Nan ranje sa a, ou wè kèk bwat ki gen seri fòm ladan yo. Youn nan seri fòm sa yo pa ale avèk lòt seri yo. Ki seri fòm pa menm avèk lòt yo?**

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, egzakteman. Katriyèm seri fòm lan pa menm avèk lòt yo, pa vre? Seri sa a pa menm ak lòt seri yo paske se sèl seri ki gen gwo fòm lan plase anpremye. Nan lòt seri yo, gwo fòm lan nan mitan ti fòm yo. Ou dwe make espas ki anba katriyèm seri fòm yo. Èske okenn moun pa konprann sa pou l fè?

Lè w pran tan w pou byen eksplike timoun lan, sa ede l konprann pou kisa move repons pa bon.

Reponn tout kesyon yo. Asire w pitit ou a nwasi ak kreyon li espas pou l mete repons lan kòrèkteman. Answit ale li kesyon 3 a.

Di konsa :

3 Kounye a mete dwèt ou sou pwochen ranje a, sa ki gen chèz la. Asire w ou ka wè espas kote pitit ou a ap ekri repons lan. Nan ranje sa a, ou wè kèk pòtre. Make espas pou repons ou a anba pòtre ki pa menm ak lòt pòtre yo.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, ou dwe make espas ki anba dezyèm pòtre a. Tout lòt pòtre yo montre fèy, men dezyèm pòtre a montre yon flè. Èske w konprann pou kisa se dezyèm pòtre a se repons kòrèk la?

Asire w pitit ou a konprann kesyon 3 a. Bay li plis eksplikasyon si sa nesèsè. Answit al li kesyon 4 la.

Di konsa :

4 Kounye a mete dwèt ou sou ranje anba ki gen soulye a. Nan ranje sa a, ou wè kèk bwat ki gen sèk nwa nan youn nan pati bwat yo. Make espas pou repons ou a anba bwat ki pa menm ak lòt yo.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou w tann repons lan.

Di konsa :

Wi, dènye repons lan se repons kòrèk la, pa vre? Dènye bwat la pa menm ak lòt yo paske sèk nwa yo andedan ti pati bwat la. Èske ou konprann?

Reponn tout kesyon yo.

Di konsa :

Si w make espas ki anba yon lòt bwat, efase l, epi make espas ki anba dènye bwat nan ranje a.

Pran yon ti pòz pou bay pitit ou a tan pou li efase, e pou l make repons kòrèk la.

Di konsa :

Kounye a vire paj la. Ou dwe wè yon ti fèy nan kòmansman premye ranje a.

[Eksplike pitit ou a an detay tout chanjman nan prezantasyon egzamen an.](#)

5 Mete dwèt ou sou premye ranje a, sa ki gen fèy la. Akote fèy la, ou wè kat bwat. Nan premye bwat ki anwo a, gen pòtre yon bouton. Nan bwat ki akote l la, gen pòtre yon chemiz. Pòtre sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Nan premye bwat ki anba a, gen pòtre yon zip. Lòt bwat la vid. Kounye a, gade ranje pòtre ki akote bwat yo, epi imajine sa ki ta dwe nan bwat vid la. Kisa ki ale ak zip la menm jan bouton an ale ak chemiz la? Make espas ki anba repons ou a.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Èske w jwenn repons lan?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

[Nou pèmèt ou pran yon tan san limit pou Egzamen pratik la pou asire pitit ou a konprann pwosesis la.](#)

Di konsa :

Ou te dwe make espas ki anba twazyèm repons lan, pantalon an. Kounye a ann wè pou ki rezon. Zip la sèvi pou fèmen pantalon an menm jan bouton an sèvi pou fèmen chemiz lan. Gade lòt pòtre yo. Yo pa ale ak yon zip menm jan yon chemiz ale ak yon bouton. Èske ou

konprann pou kisa se twazyèm repons lan ki kòrèk?

Asire pitit ou a konprann kesyon 5 lan. Repete eksplikasyon an si sa nesesè.

Di konsa :

6 Kounye a mete dwèt ou sou pwochen ranje kote ou wè zwazo a. Gade fòm ki nan de bwat ki anwo a. Fòm sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Reflechi sou jan fòm sa yo ale youn ak lòt.

Pran yon ti pòz.

Di konsa :

Kouman de bwat ki anwo yo ale youn ak lòt?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Kòrèk. Premye bwat la gen yon desen ki gen yon triyang blan anwo yon kare nwa, epi dezyèm bwat la gen menm desen an ki vire tèt anba. Kounye a gade pòtre ki nan premye bwat anba a. Ladan li ou wè yon sèk blan ki anwo yon sèk nwa. Kounye a gade pè sèk ki nan pwochen pati ranje a. Imajine kisa ou ta dwe mete nan bwat vid la. Make espas ki anba repons ou a.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki pè sèk ale ak sèk ki nan premye bwat anba a menm jan desen ki nan dezyèm bwat la ale ak premye bwat ki anwo a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, se katriyèm repons lan ki kòrèk. Katriyèm repons lan montre pè sèk yo ki vire tèt anba a, pa vre? Si w te make espas ki anba yon lòt repons, efase l, epi make espas ki anba katriyèm repons lan.

Ankouraje pitit ou a mete l alèz pou efase repons ki pa bon pou l chanje yo.

Pran yon ti pòz pou pitit ou a efase move repons lan, e pou make repons lan kòrèkteman.

Di konsa :

Èske w konprann sa ou fèk fè a?

Reponn tout kesyon pitit ou a poze w. Answit al li kesyon 7 la.

Di konsa :

7 Mete dwèt ou sou pwochen ranje a, sa ki gen kreyon an. Nan premye bwat ki anwo a, gen yon liv ki gen anpil paj. Nan bwat ki toupre li a, gen yon paj liv la. Nan premye bwat ki

anba a, gen gato anivèsè nesans ki gen anpil bouji. Lòt bwat la vid. Kounye a, gade ranje pòtre ki akote bwat yo, epi imagine sa ki ta dwe nan bwat vid la. Ki pòtre yo ka matche avèk gato a menm jan liv la ak paj ki nan ranje anwo a? Make espas ki anba repons ou.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Èske ou jwenn repons lan?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Ou dwe make espas ki anba dezyèm repons lan, sa ki gen bouji a. Èske w konprann pou kisa se dezyèm repons lan ki kòrèk?

Asire w pitit ou a konprann kesyon 7 lan. Repete eksplikasyon an si sa nesèsè.

Di konsa :

8 Kounye a, mete dwèt ou sou dènye ranje a, kote ou wè senj lan. Gade fòm ki nan de bwat ki anwo a. Fòm sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Kounye a, gade fòm ki nan premye bwat ki anba a. Imagine sa ki ta dwe nan espas vid akote li a. Answit, chèche repons ou nan ranje ki akote bwat yo, epi make espas pou repons ki anba li a.

Pran yon ti pòz.

Di konsa :

Ou dwe make espas repons ki anba katriyèm pòtre a. Kounye a ann wè pou ki rezon. Premye bwat ki anwo a montre yon sèk ki fèt avèk senk fòm tat. Dezyèm bwat ki anwo a reprezante youn nan fòm tat yo. Premye pòtre ki anba a montre yon fòm ki fèt avèk senk ti sèk. Kidonk bwat vid la dwe gen yon ti sèk. Èske w vle poze kesyon?

Reponn tout kesyon pitit ou ka poze w.

Di konsa :

Kounye a, gade anwo pwochen paj la. Ou dwe wè yon ti chat nan kòmansman paj la.

Nou mete nan Egzamen pratik la tout aptitud n ap evalye nan OLSAT la.

9 Mete dwèt ou sou premye ranje a, kote ou wè ti chat la. Koute. Philip jwenn kokiy ou wè nan bwat ki nan kòmansman ranje a. Li bay zanmi li, Jeffrey, mwatye kokiy yo. Nan pwochen pati ranje a, make anba pòtre ki montre konbyen kokiy Philip rete.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, premye repons lan se repons ki kòrèk la, pa vre? Si Philip te gen wit kokiy epi li te bay zanmi li a mwaye ladan yo, li dwe gen kat kokiy ki rete. Èske w konprann pou kisa Philip ta gen kat kokiy ki rete?

Reponn nenpòt kesyon li poze w.

Di konsa :

Si w pa te make repons ki anba dènye pòtre a, efase repons ou a, epi make espas ki anba dènye pòtre a.

Pran yon ti pòz pou pitit ou a efase, e pou l make repons lan kòrèkteman.

Di konsa :

10 Mete dwèt ou sou premye ranje a, kote ou wè mato a. Asire w ou ka wè espas kote pitit ou a ap make repons lan. Koute : Tout sèk blan yo se *serks*. Tout sèk fonse yo se *kols*. Tout sèk ki fèt ak tirè yo se *dibs*. Make anba pòtre ki montre *serks* ak *dibs* men ki pa montre *kols* yo. Koute ankò. Tout sèk blan yo se *serks*. Tout sèk fonse yo se *kols*. Tout wonn ki fèt ak tirè yo se *dibs*. Make anba pòtre ki montre *serks* ak *dibs* men ki pa montre *kols* yo.

Egzamen pratik la gen ladan l kesyon pou tout nivo difikilte, pou pitit ou ka aprann sa l ap gen pou konfwonte nan vrè egzamen an.

Pran yon ti pòz pandan pitit ou ap make repons lan.

Di konsa :

Ou dwe make anba dezyèm pòtre a. *Kols* yo se sèk fonse yo, epi pa gen sèk fonse nan dezyèm pòtre a. Èske w konprann pou kisa se dezyèm repons lan ki kòrèk?

Reponn tout kesyon, e bay plis eksplikasyon, si sa nesèsè. Answit al li nimewo 11 lan.

Di konsa :

11 Kounye a, mete dwèt ou sou ranje ki gen liv la. Gade fòm ki nan kare yo nan kòmansman ranje a. Koute sa k ap pase. Chak fòm bouje pou ale nan kwen ki pi pre ak li a. Nan pwochen pati ranje a, make anba pòtre ki montre sa fòm yo sanble kounye a.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, ou dwe make espas ki anba twazyèm pòtre a. Twazyèm pòtre a se sèl pòtre ki montre chak fòm bouje nan kwen ki pi pre a. Èske w ta vle poze kesyon?

Reponn tout kesyon pitit ou a ta ka poze w.

Di konsa :

12 Kounye a, mete dwèt ou sou dènne ranje a, kote ou wè papiyon an. Gade pòtre ki nan bwat ki akote papiyon an. Pòtre sa yo ale youn ak lòt youn sèten fason. Ou dwe mete youn bagay nan bwat vid la. Ann chèche ansanm sa w dwe mete nan espas sa a. Nan ranje anwo a, gen youn sèk ki fonsè amwatye, answit yo vire sèk la tèt anba pou mwatye ki fonsè a bay sou anba, answit yo vire l ankò pou mwatye ki fonsè a bay sou lòt bò a. Nan pwochen ranje a, gen youn triyang ki fonsè amwatye, answit yo vire triyang lan tèt anba pou pati ki fonsè a ka bay sou anba, answit yo vire l ankò pou pati ki fonsè a bay sou lòt bò a. Nan dènne ranje a, gen youn kare ki fonsè amwatye, answit yo vire l tèt anba pou mwatye ki fonsè a ka bay sou anba a. Kisa ki dwe nan espas vid la?

Pran youn ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Kòrèk; yo dwe mete nan espas vid la youn kare ki gen mwatye fonsè ki bay sou lòt bò a. Ou dwe make anba dezyèm repons lan. Èske w konprann pou kisa se dezyèm repons lan ki kòrèk?

Reponn tout kesyon, e bay plis eksplikasyon, si sa nesèsè.

Di konsa :

13 Kounye a vire paj la. Ou dwe wè youn ti tas nan kòmansman premye ranje a. Mete dwèt ou sou ranje sa a. Make anba seri fòm kote tout kat fòm yo diferan.

Pran youn ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran youn ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, ou dwe make espas ki anba katriyèm pòtre a, paske se sèl seri kote tout kat fòm yo diferan. Èske w konprann pou kisa se sèl twazyèm pòtre a ki se repons ki kòrèk la?

Reponn tout kesyon yo.

Di konsa :

Si w pa t make espas ki anba katriyèm pòtre a, efase repons lan, epi make repons ki anba katriyèm pòtre a.

Pran youn ti pòz pou pitit ou a efase move repons lan, epi pou l make repons lan kòrèkteman.

Di konsa :

14 Kounye a mete dwèt ou sou pwochen ranje kote ou wè ti ze a. Koute. Amanda gen senk ti chat. Sèl de nan ti chat yo gri. Make anba pòtre ki montre tout ti chat Amanda yo.

Pran yon ti pòz.

Di konsa :

Ki pòtre ou make?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, premye pòtre a kòrèk, pa vre? Li se sèl pòtre ki montre de ti chat gri nan yon gwoup senk ti chat. Lòt pòtre yo montre yon kantite ti chat ki pa kòrèk oswa twòp ti chat gri. Èske ou konprann pou kisa se premye repons lan ki kòrèk?

Reponn tout kesyon timoun lan poze w.

Di konsa :

15 Mete dwèt ou sou pwochen ranje a, kote ou wè kodenn lan. Gade pòtre nan bwat ki nan kòmansman ranje a. Pòtre sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Ou dwe mete yon bagay nan bwat vid la. Nan pwochen pati ranje a, make anba pòtre ki montre sa yo dwe mete nan bwat la.

Pran yon ti pòz pandan pitit ou ap make repons lan.

Di konsa :

Èske w make twazyèm repons lan? Ann wè pou kisa li kòrèk. Nan bwat ki nan kòmansman ranje a, ou wè desen ki gen flèch andedan yo. Nan premye desen an, flèch la vize toudwat ti sèk la. Nan pwochen sèk la, flèch la bouje nan sèk ki akote l la. Answit, flèch la bouje pou l ale nan pwochen ti sèk la, epi nan pwochen an. Èske w wè kouman flèch la bouje pou l ale nan pwochen ti sèk ki nan pòtre a? Kounye a gade pòtre nan ranje ki akote bwat yo. Twazyèm pòtre a se sèl pòtre ki montre flèch la bouje pou l ale nan pwochen ti sèk la. Lòt pòtre yo montre flèch la nan yon ti sèk ki pa kòrèk. Èske w konprann pou kisa se twazyèm repons lan ki kòrèk?

Reponn tout kesyon pitit ou a poze w, e bay plis eksplikasyon, si sa nesèsè.

Di konsa :

16 Mete dwèt ou sou dènye ranje a, sa ki gen tòti a. Make anba pòtre ki montre : Pi gwo kamyon an se premye nan liy kamyon an, epi pi piti kamyon an nan mitan.

Lè w enkli Lèza nan pwosesis egzamen an, li vin mwen difisil pou pitit ou a.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki pòtre ou make?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, dezyèm repons lan se sèl repons ki gen pi gwo kamyon an premye nan liy kamyon an, e pi piti kamyon an nan mitan. Lòt pòtre yo montre pi gwo kamyon an nan move plas oswa pi piti kamyon an nan move plas. Èske w ta vle poze kesyon?

Reponn tout kesyon pou asire w pitit ou a konprann pou ki sa se dezyèm repons lan ki kòrèk.

Di konsa :

Se tout sa n ap fè pou kounye a. Depoze kreyon ou. Nan kèk jou, nou pral fè kèk lòt pwoblèm tankou sa yo. Y ap vin parèt pi fasil pou ou, paske ou pral sonje kouman pou w fè yo. Fèmen tiliv ou a yon jan pou premye paj kouvèti a ka pa anwo.

Montre kouman pou l fè sa. Answit pran tiliv egzamen an nan men li. Konsa ou fini Egzamen pratik la.

Lis repons kòrèk yo.

1	3
2	4
3	2
4	5
5	3
6	4
7	2
8	4
9	4
10	2
11	3
12	2
13	4
14	1
15	3
16	2


Level
B

OISAT

Otis-Lennon School Ability Test

Seventh Edition

Arthur S. Otis • Roger T. Lennon



PRACTICE TEST

HARCOURT® Educational
BRACE Measurement



SAN ANTONIO
Orlando • Boston • New York • Chicago • San Francisco • Atlanta • Dallas
San Diego • Philadelphia • Austin • Fort Worth • Toronto • London • Sydney

0154610011



Practice Test Level B


1








2



3



4







5






6



7




8











9




10



11



12









13



14



15



16

